



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SOULIYE AMELYORASYON NAN TOUT SISTÈM LAN POU  
KÒMANSE 'MWA SANSIBILIZASYON SOU SANTE MANTAL LA' NAN ETA  
NOUYÒK**

*Investisman san parèy nan swen sante mantal ajoute kabann pou pasyan k  
entène, elaji anpil ekip lojman espesyalize ak ekip sansibilizasyon yo*

*Gouvènè a pibliye [yon pwoklamasyon](#); li mande pou yo klere bilding ak moniman  
eta yo an vèt nan dat 1e me a pou ogmante sansibilizasyon epi diminye  
estigmatizasyon*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a rekonèt mwa Me kòm Mwa Sansibilizasyon sou Sante Mantal nan tout Nouyòk, li pibliye yon [pwoklamasyon](#) epi li mete aksan sou investisman san parèy ki te fèt nan ranfòse sistèm swen eta a depi li te lanse [inisyativ sante mantal ki vo 1 milya dola](#) istorik li a an 2023. Finansman sa a lakòz pi gwo ekspansyon kapasite nan sant sikyatrik eta yo depi plizyè ane, plis kabann disponib nan lopital kominotè yo, ak yon ekspansyon dramatik nan sèvis pou pasyan ekstèn ak prevansyon.

"Investisman istorik nou yo nan sante mantal amelyore sistèm swen nou an anpil, sa ki pèmèt plis moun nan Nouyòk jwenn tretman epi pozisyon eta nou an kòm yon lidè nasyonal," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap selebre kòmansman Mwa Sansibilizasyon sou Sante Mantal la jodi a, nou fyè dèske nou angaje nou pou nou bay sèvis ak sipò ki reponn ak bezwen tout moun ak fanmi nan tout eta nou an."

Investisman Gouvènè Hochul nan sante mantal te lakòz plis pase 105 milyon dola nan finansman fonksyonman ak 831 milyon dola nan sibvansyon kapital. Investisman sa yo kouvri tout aspè sistèm sante mantal la epi yo gen ladan yo pi gwo ekspansyon kapasite pasyan ki entène depi plizyè deseni, règleman ki pi solid pou konekte Nouyòkè yo ak tretman lè yo kite sant entène ak ijans, plis sipò pou pasyan ekstèn pou ede moun viv an sekirite nan kominote yo, plizyè milye nouvo inite lojman espesyalize dedye ak moun k ap viv ak maladi mantal ak gwo refòm asirans pou amelyore aksè ak swen.

**Komisè Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH), Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Investisman san parèy Gouvènè Hochul nan sante mantal pandan twa dènye ane yo te kreye yon sistèm swen ki pi efikas ak aksesib nan tout eta a, sa ki ede

plis moun jwenn tretman an lè ak kote yo pi bezwen li. Mwa Sansibilizasyon sou Sante Mantal la se yon opòtinite pou nou angaje nou nan konvèsasyon sou maladi mantal, defann istwa gerizon, epi ede chak Nouyòkè konprann ke gen èd ki disponib."

Kòm yon pati nan Mwa Sansibilizasyon sou Sante Mantal la, OMH ap poste yon [videyo](#) sou rezo sosyal chak semèn nan mwa me a pou mete aksan sou istwa endividyèl sou rekiperasyon apre maladi mantal. Ajans lan te poste tou yon [mesaj kout](#) Komisè Sullivan te voye bay Nouyòkè yo, li te konpile yon [lis evènman piblik](#) k ap dewoule nan tout eta a pou sansibilize moun sou sante mantal epi li ankouraje tout Nouyòkè pou yo pran swen pwòp byennèt mantal pa yo, li ofri konsèy pou pran swen tèt yo nan [Be Well](#), yon sit entènèt ke t eta finanse ki dedye ak amelyore byennèt mantal.

Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, Eta Nouyòk te ajoute 875 kabann sikyatrik, sa gen ladan 550 ke yo te remete an fonksyon nan lopital kominotè yo, ak 325 — [125 depi desanm](#) — nan sant sikyatrik eta yo, sa ki make pi gwo ekspansyon nan etablisman sa yo depi plizyè ane. Anplis de sa, eta a te finanse [109 nouvo kabann](#) k ap devlope kounye a nan lopital kominotè yo epi l ap prepare pou konstwi yon nouvo inite Tranzisyon pou Lakay ki gen 75 kabann nan Sant Sikyatrik Creedmoor a nan Queens.

Anba direksyon Gouvènè Hochul, Biwo Sante Mantal Eta a ak Depatman Sante a fèk adopte nouvo règleman ki an vigè kounye a pou asire moun ki bezwen swen sikyatrik pou pasyan entène ak ijans yo gen koneksyon ak swen pou pasyan ekstèn yon fwa yo fin egzeyate yo nan swen sikyatrik pou pasyan entène ak ijans lan. Règleman sa yo estandarize kritè admisyon ak egzeyat yo, egzije pou etablisman yo pwograme randevou swivi, fè tès depistaj kont risk swisid, epi kowòdone detay sou egzeyat ak responsab swen yo.

**Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Mwa sansibilizasyon sou sante mantal la se yon moman enpòtan pou nou sonje ke bon sante mantal se yon eleman esansyèl pou bon sante fizik. Investisman sa yo anba lidèchip Gouvènè Hochul pral bay plis Nouyòkè aksè ak tretman ak sèvis elaji nan tout nivo atravè sistèm sante Nouyòk la, tout pandan y ap diminye stigma ki ozalantou pwoblèm sante mantal yo."

Nan kad efò sa a, eta a te etabli 13 nouvo Klinik Sante Mantal Kominotè ki sètifye nan tout eta a, epi yo prevwa 13 lòt ap jwenn lisans ete sa a, sa ki fè total la rive 39. Klinik sa yo bay sèvis sante mantal ak twoub abi sibstans pou nenpòt moun ki antre nan klinik la, kit yo gen asirans oswa non, epi kounye a yo sèvi plis pase 38,000 Nouyòkè ki enskri nan Medicaid.

OMH ap etabli tou 50 ekip Entèkansyon nan Moman Kritik (Critical Time Intervention, CTI) nan tout zòn eta a pou bay sèvis jesyon swen ak sipò pou ede moun pandan tranzisyon nan swen, tankou kite anviwònman ospitalye yo. Avèk 31 premye ekip yo ki finanse kounye a, ekip sa yo ap gen kapasite pou sèvi 3,480 Nouyòkè.

Inisyativ sante mantal Gouvènè Hochul la te etabli tou kat nouvo ekip Angajman Entansif ak Soutni oubyen INSET, ki dirije pa kamarad epi ki bay sèvis sipò pou moun ki gen bezwen sante mantal konplèks epi ki gen difikilte pou konekte ak fòm swen tradisyonèl yo. Ekip yo ap opere kounye a nan vil Nouyòk, nan zòn Rochester, nan Westchester, ak nan Long Island, epi ansanm y ap sèvi plis pase 300 moun.

Envestisman sa a te finanse tou 43 nouvo ekip Tretman Kominotè Asètiv (Assertive Community Treatment, ACT), ki gen kapasite pou bay sèvis a 1,836 moun k ap viv ak maladi mantal nan kominote yo olye de yon anviwònman lopital ki pi restren.

Inisyativ sante mantal la te elaji pwogram Sipò Opsyon Sekirite a yon fason konsiderab, ki kounye a ede [loje plis pase 1,000 moun yon fason pèmanan](#), ki gen ladan 147 nan lojman ki gen lisans OMH. Ak premye ekip yo te lanse nan prentan 2022, pwogram SOS la kounye a gen 28 ekip, ki gen ladan kèk k ap fè kanpay nan tout senk minisipalite yo nan Vil Nouyòk, tou de konte nan Long Island yo, ak 19 konte adisyonèl yo atravè eta a.

Finansman sa a te ede tou ouvri 1,296 inite lojman espesyalize, ak 2,204 inite lojman anplis ki an konstriksyon. Inite ki an konstriksyon yo enkli inite rezidans kominotè ki gen yon sèl chanm, inite lojman ki gen sèvis sipò, ak inite lojman tranzisyonèl akoutèm.

Sou direksyon Gouvènè Hochul, eta te adopte tou [nouvo règleman](#) pou etabli estanda rezo adekwasyon pou sèvis sante konpòtmantal pou konpayi asirans sante yo. Règleman sa yo, ki pral antre an vigè 1ye jiyè, bay plan swen komèsyal ak Medicaid yo 10 jou pou konekte Nouyòkè yo ak sèvis sante mantal oswa twoub abi sibstans ki nan rezo a, oubyen pou pèmèt moun nan jwenn aksè ak yon founisè ki pa nan rezo a san okenn frè adisyonèl.

Inisyativ sante mantal la te elaji sèvis pou timoun ak jèn yo anpil tou, li te etabli plis pase 1,200 klinik sante mantal pa satelit nan lekòl la pou bay sèvis sante mantal nan distri lekòl yo nan tout eta a. Anplis de sa, eta a kounye a finanse 30 ekip tretman kominotè pou jèn (Youth Assertive Community Treatment) nan 38 konte, pou bay sipò pou jèn Nouyòkè ki gen gwo pwoblèm emosyonèl, swa an risk pou yo antre lakay yo oswa k ap retounen lakay yo soti nan yon anviwònman ospitalye oswa rezidansyèl.

Nan kad Mwa Sansibilizasyon sou Sante Mantal la, Gouvènè Hochul te bay lòd pou 15 bilding ak moniman eta yo limen an vèt – koulè ki vin senbolize sansibiliizasyon sou sante mantal la – nan lè solèy kouche aswè a, jedi 1e me a. Sa gen ladan:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza

- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)